# Yaw Yónente Yàlla bi, man de bàyyiwuma lu rëy walla lu ndaw lu dul ne def naa ko, mu ne ko: «Ndax dangay seede ne amul kenn ku ñu war a jaamu ci dëgg ku dul yàlla, ak ne Muhammat mooy Yónente Yàlla?

Jële na ñu ci Anas Ibn Maalik, -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Am na ku mas a ñëw ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu ne ko: Yaw Yónente Yàlla bi, man de bàyyiwuma lu rëy walla lu ndaw lu dul ne def naa ko, mu ne ko: «Ndax dangay seede ne amul kenn ku ñu war a jaamu ci dëgg ku dul yàlla, ak ne Muhammat mooy Yónente Yàlla?» Ñatti yoon. Mu ne ko: Waaw, mu ne: «Lii ci la juge».
[Wér na] [Abóo Yãhlaa soloo na ko, ak At-tabaraaniy, ak Ad-diyaa'u Al-maqdisiy]

Leerarug hdiis bi: Benn waay dafa ñëw ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: yaw Yónente Yàlla bi, man de bàkkaar ak moy Yàlla gune def naa ko, bàyyiwuma lu ndaw mbaa lu mag lu dul ne def naa ko, ndax dees na ma jéggal? Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: xanaa du seede nga ne amul kenn ku ñu war a jaamu ci dëgg ku dul Yàlla ak ne Muhammat ndawul Yàlla la? Mu baamtul ko ko ñatti yoon, Mu tontu ko ne ko: waaw seede naa ko, Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- xamal ko ngëneeli ñaari baati seede yi ak ne dañuy far ay ñaawtéef, ndaxte tuub day far la ko jiitu.



النجـاة الخيـرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee